# Medicinalıq ásbap-úskeneler ózimizde islep shıǵarıladı

Ózbekstan Respublikasında import ornın basatuǵın medicinalıq ásbap-úskenelerdi islep shıǵarıwshılardı qollap-quwatlawǵa úlken itibar qaratılmaqta. Sol maqsette, «CHIRANAASIA» Slovakiya-Rossiya-Ózbekstan qospa kárxanası shólkemlestirilip, onıń rásmiy ashılıwı 2021-jıl 16-martta Tashkent qalasında bolıp ótken edi.

Image not found or type unknown

Koronavirus pandemiyası dáwirinde, ásirese, kovid oraylarında hám reanimaciya bólimlerinde jasalma dem beriw apparatları, ıssılıq hám ıǵallıq almasatuǵın filtrler, dem alıwshı kislorodlı maskalar, nebulayzerlerge mútájlik sezildi. Bunnan bılay usı hám basqa da medicinalıq ásbap-úskeneler ózimizde islep shıǵarılatuǵın boldı.

Islep shıǵarılıp atırǵan medicinalıq ásbap-úskeneler hám olardıń funkciyaları menen jaqınnan tanıstırıw maqsetinde «CHIRANAASIA» Slovakiya-Rossiya-Ózbekstan qospa kárxanası baslıǵı Vasiliy Shimko Nókiske kelip QR Densawlıqtı saqlaw ministri Murad Qurbanov penen ushırastı. Ushırasıwda kárxanada islep shıǵarılıp atırǵan medicinalıq ásbap-úskenelerdiń sapası, ońlaw hám utilizaciya etiw xızmetleri, olardı paydalanıwda xızmetkerlerdi oqıtıw máseleleri dodalandı.

Densawlıqtı saqlaw ministrliginiń Málimleme xızmeti